


# ANN BAY LODYANS 8

Se Bryant Freeman  
("Tonton Liben") ki  
pare ti liv sa a.



## AYITI SE PÈP AYISYEN


Enstiti Etid Ayisyen - Invèsite Kannzas  
Bon Nouvèl  
Fondasyon Alfa Lwès  
1997

PM  
7854  
.H39  
A56  
2000  
v. 8

## YON TÒTI K AP CHANTE

Vwala te gen yon nèg yo rele Gwoje. Msye te konn plante diri. Chak ane li pa janm ka fè bon rekòt. Bèt yo pran tout plezi yo nan manje jaden diri a. Se konsa, Gwoje blije mete veye pou trape vòlè k ap depafini jaden I la.

Yon jou, pandan Pijon ak Kanna ap sòti pou al nan jaden an, yo kontre ak Tòti ki di yo: “Mennen m tou, souple.” Men yo konnen Tòti se yon bêt ki lant, epi tou, Tòti pa manje diri. Yo pa twò kontan mennen I, men yo chak kenbe I nan yon pye, epi yo vole avè I.



Rive nan jaden an, mesye yo kòmanse manje diri. Pandan y ap manje konsa, se atò mèt jaden an reveye. Li vloop li leve. Kanna kouri, Pijon vole, y ap fè wout yo. Tòti li menm ki t ap fè laplanch nan lagon an, pa t tandé anyen. Mèt jaden an pop, li poze men sou li: “A! se ou menm ki konn manje diri m lan. M pran ou jodi a. M te di nenpòt bêt m kenbe nan jaden an, m ap koupe tèt li. Se ou m pran. M pral regle zafè ou.”

Tòti kòmanse kriye: “Mèt, fè pa m, non!” Gwoje fache sou li: “Sa k rele konsa? Valè redi mwen

redi pou fè jaden sa a, m pa janm rekòlte anyen, tèlman ou devaste diri a. Epi, ou ap di m fè pa ou!” Tòti di l ankò: “Anvan ou touye m, ou pa ta renmen m chante yon ti chante pou ou?” Gwoje reponn li: “Se vre, ou konn chante? Enben, si ou vle chante, ou mèt chante, men m ap touye ou kanmenm. Epi tout moun konnen, tòti pa kab chante.”

**Men Tòti pran  
chante. Li chante  
chante chante.  
Gwoje sezi nèt, li  
pa pale koze  
koupe tèt ankò.**



Li di nan tèt li: “Fòk mwen fè yon kòb ak ti bèt la. M pral kay wa a. M pral di l mwen gen yon tòti lakay mwen ki konn chante. M deja konnen li p ap kwè m. M ap mande l pou nou fè yon pari. Si Tòti a chante vre, l ap ban m twaka nan fòtin li. Sinon, li mèt koupe tèt mwen.” Li pran Tòti nan djakout li, epi li lage l nan yon barik lakay li. Konsa Gwoje pati pou al kay wa a.

Pandan Gwoje pa la, ti gason l la ki te tandé ti bèt la ap chante, di l: “Ti bèt, chante pou mwen, souple.” Men Tòti reponn li: “M pa ka chante nan barik la konsa. Mete m atè, ou a sezi.” Ti gason an pa fè ni de ni twa, li foure men l nan barik la, li

mete Tòti atè. Tòti chante pou li, epi li di l: “Ou wè jan m chante pou ou, men se pa sa sèlman, non. Si ou ta vle m chante pi bèl toujou, lage m bò kote letan sa a.”

Ti gason an pran Tòti vre, li mete l bò dlo a. Tòti kòmanse chante chante chante, tinonm lan ap danse. Tòti pwofite pandan pitit la fou ap danse, pou l avanse piplis bò dlo a. Se konsa li glise, li lage kò l tchoup nan letan an. L ale.

Ti gason an pran rele: “Mezanmi, men ti bèt papa m lan ale. Kisa m pral fè? Kisa m pral di papa m? Kisa papa m pral di wa a?” Li pran chache chache, li pa jwenn Tòti. Alafen, li soti sou yon gwo tonton krapo. Li pran l, li lage l nan barik la kote papa l te mete Tòti, epi l al kouche anba dra tankou moun ki malad.

Yo t al envite vwazinay debake ak yon foul moun ki vin tande tòti a k ap chante. Anfen Gwoje vin parèt ak wa a. Kè l kontan. Li fin wè li gen twaka fòtin wa a. Li dekouvri barik la, epi l di: “Ti bèt, chante pou mwen.” Krapo a reponn: “Pif pòf! Pif pòf! Sa m konnen, se sa m fè.” Gwoje sote. Li di: “Gade, ti bèt, mwen pa nan rans avè ou, non! Si ou pa chante, m ap koupe tèt ou, wi!” Krapo a reponn ankò: “Pif pòf! Pif pòf! Sa m konnen, se sa m fè.”



Gwoje sitèlman sezi, li pa konn sa pou I di, ni sa pou I fè. Li pa menm wè se pa Tòti ki la. Wa a fache prèt pou pete. Li di: "Gwoje, ou gen kouray al chache m lakay mwen pou pase m nan tenten. Ou ap regrèt sa!" Wa a rale nepe li, tèt malere a vole.

Mezanmi, gade kouman tinonm lan lakòz papa I mouri. Yo di timoun fouyapòt se pwazon. An verite, se vre.

---

## RAT BEZWEN MANJE

Vwala, Bondye te fin kreye tout bagay. Li te kontan anpil. Men, li te vle konnen si lòt yo te kontan tou. Li mande Lyon an: "Èske ou santi ou kòrèk pou jan mwen te fè ou a?" Lyon an reponn: "Wi, Bondye, ou te fè m wa pami tout bét yo." Answit, li mande lòm si I kontan tou. Lòm lan reponn: "Wi, Bondye, m kontan anpil."

Lèfini, Bondye wè yon kokenn rat k ap pase. Li di: "E ou menm, konpè rat, ou kontan tou pou jan m te fè ou a?" Rat la reflechi: "Pou mwen menm, m pa bezwen anyen ankò. Men tanpri, bay lòm plis fòs pou li kapab travay pi rèd pou mwen ak madanm mwen ak pitit mwen, pou nou ka jwenn anpil manje pou nou manje."

## GENYEN KI PI MAL

Te gen yon vye tonton yo rele Filibè. Li te travay tè, men se sèl patat jaden li a te vle fè. Li pa gen kòb pou achte grès, vyann, pwa, sèl, bagay konsa. Maten midi swa, se boukannen patat, boukannen patat, e bwè dlo.

Nèg la sonje: “Nan lavi, se mwen ki pi mal. Jodi a fòk sa fini.” Li pran yon vye kòd, li kwoke l nan yon pyebwa. Li boukannen patat li yon dènye fwa. Li pran yo, li monte pyebwa a. Li chita sou yon branch, l ap kale patat yo, epi l ap jete po yo atè.

Toudenkou, li apèsi frè Zo k ap ranmase po patat yo. Li mande l: “E konpè, sa ou ap fè ak po patat ou ap ranmase la a?” Frè Zo reponn: “Se pou m manje, paske mwen grangou.”

Filibè rete anwo pyebwa a. Li gade frè Zo, li gade kòd la, li souke tèt li. Li lage kòd la, li desann, paske li wè frè Zo pi mal pase l. Li reziyen l, li pran kouraj. Li rantre lakay li. L ap kalkile sa. Se

lè sa a li wè, de zòm ki mouye nan lapli, gen youn ki pi mal.

Eli Pyè, Ansagalè



## OU PA LA, PA OU PA LA

Vwala Nwèl te vin rive. Bouki ak Malis te timoun. Tonton Nwèl te pote zetrerèn pou Bouki ak Malis. Bouki pa t la. Tonton Nwèl bay Malis jwèt pa l yo, epi li separe rès la avèk lòt timoun yo.

Lè Bouki vini, Malis di l konsa: “Tonton Nwèl te pote mab pou ou kòm zetrenn, men ou pa t la. Yo te pase nan debanday.” Bouki pete kriye: “Tonton Nwèl pote mab pou mwen! Ou pran tout! E mwen menm, mwen pa jwenn anyen. M pa konnen, se pou ou ban m pòsyon pa m. Ou renmen tout pou ou twòp!”

Malis di: “Enben, tokay mwen, pou nou fini ak sa, ou pa bezwen kriye. Gade. Ou wè. Si ou di m konben mab ki nan men m la, m ap ba ou tou le sis.” Bouki jwenn yon mwayen pou l di: “Kenz.”

Se sòt ki bay, se enbesil ki pa pran.

*Istwa Timoun Yo Rakonte M*



## BOURIK IZIDÒ A

Te gen yon nèg yo te rele Izidò. Se te yon bon gress abitan, moun debyen. Chak dimanch, jou mache zòn lan, li desann nan bouk la ak madanm li pou y al vann danre ki soti nan jaden yo. Men kòm li te yon bon katolik, anvan li kòmanse lavant, li toujou pran yon bout lamès. Lè yo fin vann, yo retounen lakay byen fatige. Se te toujou kon sa.

Vwala te gen yon ane rekòt la te bon anpil. Travay bwote danre al vann nan mache a te vin lou sou do mesyedam yo. Yo fè ekonomi, yo achte yon bèl mal bourik. Depi lè sa a, kit se pou al nan mache, kit se pou al nan jaden, moun yo rale yon bon souf. Konsa, madan Izidò jwenn plis tan pou l'okipe ti jaden li te gen devan pòt la, ansanm ak poul, kanna, kòdenn, epi yon ti kochon li te gen nan kòd.

Tout bagay t ap mache byen pou yo. Chak swa, Izidò sot



nan jaden sou bourik li, li pote yon bokit pay pou ba l soupe. Denmen maten ankò, li sele l, yo pran wout pou al nan jaden. Timal nan dlo, nan bwa, nan mache, toupatou se li.

Men se twouve, yon jou ba a te blese do timal. Izidò pa santi li gen kouraj pou l sele l. Li mare l nan lakou a, l antre anndan kay la pou al pran yon renmèd pou panse l. Yon ti kadè, li tounen. Lè l rive, kote timal? Li pa wè l. Nan plas kote bét la te ye a, li wè yon msye k ap souri ba li. Izidò panse, se Satan. Li fè sinakwa, epi li di: “*Vade retro, Satanás!*”

Elas, nèg la kanpe la pi djanm ap gade l. Izidò pran kouray li ak de bra, li mande l: “Kisa ou ap fè la nan plas bourik mwen an?” Nonm lan reponn li: “Men, se bourik ou a mwen ye.” Izidò di: “Gen lè ou pran m pou yon enbesil! Kisa sa vle di?” Nonm lan pran rakonte: “Mèt, poze san ou. Kite m esplike ou. Yon fwa, m te touye yon nèg epi m te vòlè bourik



li. M vin fè yon aksidan, m mouri. Lè m parèt devan Papa Bondye, li di m: Entèl, m touye ou anvan lè akòz zak ou te fè a. Kòm pinisyon, m ap fè ou tounen yon bourik, epi m ap voye ou sou latè. Lè ou fin peye pou sa ou te fè a, ou ap tounen moun ankò, epi ou ap viv tous lè lanmò ou rive. Apre sa, m tounen sou latè, e nan tout mèt m te genyen yo, se ou ki pi bon moun.”

Izidò ap reflechi: “An! Se vre?” Nonm lan di: “Se vre, wi, mèt! Men kòm ou se yon bon moun, si ou vle, m prêt pou m ret travay ak ou.” Izidò reponn li: “Non, non, ou mèt al fè wout ou. Bondye te pini ou deja.” Konsa, Izidò lage nèg la.

Nonm lan kouri al jwenn kanmarad li a ki te kache nan raje a ap tande tout bagay. Pa di m ou pa konprann tout sa se te mant! Men sa ki te pase an reyalite: Youn nan vòlè yo te pran bourik la al kache l. Li mete nonm lan kanpe nan plas bourik la, epi li mare l byen mare.

Izidò antre anndan kay la tankou yon mò. Lè I rakonte madanm li sa k pase, malerèz la sezi pou I mouri. Jou sa a, yo pa bwè, yo pa manje. Men pandan nwit la, kon madanm lan mete tèt nan kabann, li fè yon rèv. Li wè li nan yon gran mache. Li wè yon tonton ki gen bab li blan kon koton k ap souri ba li. Lè madanm lan reveye, li rakonte mari

I rèv la. Konsa yo deside se pou yo seye al jwenn gran mache sa a.



Yo chache chache, e anfen yo rive nan yon gran mache. Yo wè la yon tonton ki gen bab li blan kon koton k ap souri ba li. Epitou, Izidò apèsi de mesye k ap fè pri yon bourik. Li avanse pou l tandé. Lè l gade byen, li wè youn nan yo sanble tèt koupe ak nèg ki te pretann li se bourik li a. Apre sa, je l al tonbe sou yon bourik k ap tire nan kòd la. Se te bourik li a ki gentan rekonèt mèt li, ki anvi vin jwenn li. Izidò pa fè ni de ni twa, li fè madam li ret kanpe la, epi l al rele polis la. Lè vòlò wè Izidò parèt ak polis la, l ale pou l kouri, men yo poze lapat sou li.

Pandan sa, bourik la gentan kase kòd la. Li kouri al fwote tèt li nan janm mèt li. Prèv sa a te kont, polis la pa t bezwen okenn temwayaj anplis.

Se nan zòn lan mwen t ap ase, yo ban m yon kout pye ki voye m tonbe isit la.

---

## KILÈS KI PI LÈD?

Vwala te gen yon gran fèt pou tout bêt k ap viv anwo tè a. Wa tout zannimo yo voye pale tout lòt bêt nan tout peyi, pou yo pare yo pou fèt la.

Lè jou a rive, tout bêt rasanble bò lanmè. Yon kokenn batiman vin chache yo. Lè yo rive nan fon lanmè, kapitenn batiman an bay tout bêt yo manje, men li pa te gen dlo pou I ba yo bwè apre yo te fin manje.

Bêt yo te swaf anpil. Yo vle fòse kapitenn lan pou I ba yo dlo, men li pa t konnen sa pou I fè. Lè I wè sa, li leve kanpe, li gade tout bêt yo. Li di: “Bèt ki pi lèd la, se pou li desann al chache dlo.”

Makak kanpe, li di: “Tonnè kraze m! Mwen pa pral chache dlo.”

Eklid Etyèn, Tèryewouj

## TI GOUT TI GOUT, KONPÈ CHAT PÈDI

Yon jou diskisyon mete pye ant konpè Chen ak konpè Chat. Te gen yon moso vyann atè a. Konpè Chen di se li menm ki te wè l'anvan, men konpè Chat di se li menm ki te wè l'anvan. Chen mache sou figi Chat, li baf, li ba l'yon souflèt. Chat rete, li di Chen: "Monchè, se dènye chat ou bay kalòt. Ni ou, ni ras ou, tout ap disparèt."

Chen al fè wout li, li pa bay sa enpòtans. Men Chat li menm, li pa blyie sa. Bay kou blyie, pote mak sonje. Konsa, Chat ale kay yon bòkò. Li di: "Papa, m vin lakay ou pou touye tout chen ki gen sou latè. M ap peye ou mezi ou vle pou sa." Bòkò a reponn: "A monchè, m ap ba ou sa sou de chèz. Èske ou ka jwenn yon ti gout pipi chen?" Konpè Chat reflechi, epi li di: "Se byen fasil." Bòkò a di: "Dakò. Debouye ou pou vini ak pipi chen an, epi tout afè ou ap regle. Lè m fin travay, m a touche."

Kèk jou apre, te gen maryaj yon gwo zotobre chen, ak tout chen nan katye a envite. Lè maryaj la ap sot legliz, Chat rete dèyè yon touf raje: "Kobaba! Chen sa yo twò gwo. M p ap kapab bat yo. Si m te wè yon pi piti, m ta..." Chat pokò menm fin pale. Vin gen yon ti chen tou piti k



ap pase. Li vousp sou ti chen an. Ti chen an menm vire tèt li, li jape: "Wap! wap!" dèyè l. Chat tèlman sezi, paske li pa t ap tann reyakson sa a, li voye pipi tyòt! epi li mete van nan vwèl li.

Ti chen an menm kontinye wout li. Yon lòt moman, konpè Chat di: "Kite m al wè si ti chen an pa t pipi." Li gade, li wè yon ti pipi atè a. Li pran danse, li di: "Mwen pral montre Chen yon lesson." Li ranmase ti pipi a. Lamenm, l al pote l bay bòkò a. Men li pa t janm konnen si se li ki te pipi a.

Pandan bòkò a ap fè sèvis li, li voye yon chante ki di: "Al rele Iwa, al rele Iwa! M wè yon machwè won ki pral chavire." Men pandan bòkò a ap chante chante sa a, konpè Chat mete zòrèy li an twonpèt pou l tande.



Yon lòt ti moman, Chat di bòkò a: "Ey, eskize m wi, ann sispann sèvis, souple. M vin fè yon lòt kalkil. Pandan ou ap chante a, m tande yon pawòl ki pa fè m plezi. M tande ou di: Gen yon machwè won ki pral chavire, e m konnen chen pa gen machwè won. M vin sonje yon bagay. M te sezi ampil lè ti chen an te vire pou kouri dèyè m lan. Sanble se mwen ki te pipi, san m pa konnen. Alò papa, souple, m priye

**ou an gras, annou kase fèy kouvri sa. Di m konben ou mande.”**

**Bòkò a di: “Jan m te bezwen yon zonbi! Ou te vin anba men mwen, ou kwè mwen ta kite ou ale? Isit, se rantre, pa soti!” Bòkò a poze lapat sou konpè Chat epi, zap zap, li fè I tounen yon zonbi.**

**Yo di: Madichon ou bay bèlmè ou, se manman ou li rive. An verite, se vre.**

---

## **PALÈ A GEN SANT CHAWONY**

**Te gen yon jou Lyon, ki wa tout bêt ki gen kat pye yo, envite Bourik avèk Rena vin vizite palè li. Palè a menm te gen anpil vye zo bêt, paske Lyon te touye yo. Sa fè li gen sant chawony.**

**Lyon di Bourik konsa: “Enben Bourik, kouman ou wè palè m lan?” Bourik reponn: “Wa, palè ou la ta chik, li ta bèl, si I pa ta gen movèz odè konsa.” Lè Lyon tande sa Bourik di a, li vin vèt tan I fache. Li vole sou Bourik, li dechire I ti moso pa ti moso.**

**Enpi li vire gade Rena. Li di I: “E ou menm, Rena, èske ou di menm pawòl ak Bourik?” Rena reponn: “Wa, mwen pa ka di anyen. M gen yon rim, ki fè m pa kab pran okenn sant.”**

# YON BÈL TI KANTIK

Yon jou, Wa a te gen madanm li malad kouche. Li ta renmen gen moun vin wè li pou distrè I. Vwala, li rele konpè Chwal. Li di I: "M ap voye ou pou mwen kot madanm mwen. Lè ou rive, sa ou a di I?" Konpè Chwal la reponn: "M a di Hi! hi! hi!"

Wa a rele konpè Bèf. Li mande I: "Konpè Bèf, m ap voye ou pou mwen. Lè ou rive, sa ou a di I?" Konpè Bèf reponn: "M a di Mou! mou! mou!" Li rele konpè Mouton. Li mande I: "Si m voye ou pou mwen, lè ou rive, sa ou a di I?" Konpè Mouton reponn: "M a di Bè! bè! bè!"

Wa a wè yon ti wosiyòl ap pase. Li rele I. Li di ti zwazo a: "M ap voye ou pou mwen kot madanm mwen ki malad kouche. Lè ou a rive, sa ou a di I?" Wosiyòl la reponn: "Mwen menm, m a chante yon bèl ti kantik pou madanm ou!" Konsa, Wa a dakò pou voye ti zwazo ale vizite madanm li. Lè madanm tande ti zwazo ap chante, li refè.

Nan sa, nou wè se pa moun ki pi gwo k ap bay pi bon rezulta. Anpil fwa se moun ki pi pitit k ap fè ni bon travav pase moun ki pi gran.

KU BOOKSTORES \$2.00

0-8400-5116-6



9 780840 051165



50200

FREEMAN, BRYANT  
ANN BAY LODYANS VOL.8

LANG

06/14/00

Rawoul Jilyen

OUT MOUN KONN LI.  
IT MOUN KONN EKRI.